

## **GID AKSESIB POU ORANJ LINE LAN KI FÈMEN PWOCHÈN FWA YAP FÈMEN**

Sèvis Orange Line lan pral sispann nan tout estasyon yo kòmanse Vandredi 19 Out a 9 è nan aswè, rive jiska Dimanch 18 Septanm.

Anplis de sa, sèvis Green line lan pral sispann ant Government Center ak Union Square a pati de Lendi 22 Out jiska Dimanch 18 Septanm.

Ou kapab jwen gid aksesib MBTA pou Orange Line lan pandan tan yo fèmen-l lan nan paj 11 nan [Gid Pasajè MBTA a](#).

Nou enkli enfòmasyon adisyonèl anba la a pou ede-w planifye pandan tan sa a ke Orange line la fèmen an.



### **OPSYON ALTÈNATIF POU TRANSPÒTASYON**

#### **Tren ki ale an deyò Vil la (Commuter Rail)**

Nou ankouraje pasaje ki pral nan vil la pou yo pran tren Commuter Rail la. Pasaje yo kapab jis montre CharlieCard oswa CharlieTicket yo a kondiktè yo pou monte tren Commuter Rail la nan Zòn 1A, 1, ak 2 nan TOUT liy tren Commuter Rail yo san yo pa peye.

Ou pa bezwen gen lajan sou Kat Charlie yo. Ou kapab itilize TAP kat yo (Transportation Access Pass) pou monte tren Commuter Rail yo.

Tanpri revize [Gid Aksè pou Commuter Rail MBTA a](#).

pou plis enfòmasyon konsènan aksè nan estasyon Commuter Rail ak tren yo.

#### **Sistèm transpò pa Navèt (Shuttle) System**

Pandan ke Orange Line la fèmen an, T ap ofri otobis navèt (shuttle) yo gratis ki pase nan de wout separe yo. Premye a pral pase nan wout ant Oak Grove ak Haymarket/Government Center epi dezyèm nan ap pase nan wout ant Forest Hills ak Back Bay/Copley.

Pandan lè ki limite yo (5am - 7am ak 8pm - 1am) MBTA ap genyen sèvis otobis navèt (shuttle) yo pou Government Center, Chinatown, ak estasyon Tufts. Otobis navèt yo (shuttle) ap pase chak 30 minit.

Pandan lòt lè yo nou ankouraje pasaje yo itilize Green line lan ant Copley ak Government Center pou koneksyon yo nan vil la. **Nòt enpòtan:** Esstasyon Boylston nan pa genyen elevatè.



Green Line la ap fèmen tou ant Government Center ak Union Square. Pou genyen aksè ak Green Line la, MBTA ap itilize wout otobis navèt ant estasyon sa yo. Sèvis otobis navèt (shuttle) sa yo ap kanpe nan estasyon Lechmere ak nan wout estasyon otobis lechmere.

MBTA pral genyen 160 otobis kap travay sou twa wout navèt (shuttle) sa yo.

- Tout otobis navèt yo ap an konfòmite ak ADA epi tout nan kontra yo oblije satisfè nòm aksè USDOT yo.
- Majorite yo pral otobis antrene ki genyen etaj ki wo, avèk chèz woulant ki touprè pòt dèyè otobis la.
- Gen kèk nan otobis sa yo etaj yo ap anba avèk ranp devan yo.

Ap genyen apeprè 20 kamyon aksesib pou chèz woulant kap disponib pou konplete sèvis navèt (shuttle) yo.

- Kamyon sa yo ap disponib sou demann nan tout estasyon Orange Line yo. Pale avèk yon anbasadè T (chemiz wouj ) oswa lòt anplwaye T yo pou mande pou yon kamyon ki aksesib.
- Kamyon chèz woulant aksesib yo pral sèvi tout estasyon Orange Line yo, enkli sa ke otobis navèt (shuttle) yo pa sèvi.
- Kamyon sa yo pral sèvi estasyon Green Line yo kòm sèvis konplemantè ant wout navèt (shuttle) yo. Li enkli Copley, Arlington, Boylston, Park Street, ak Government Center. **Nòt enpòtan:** Estasyon Boylston pa genyen elevatè.
- Ou kapab jwenn yon opsyon pou vwayaj nan paj 10 nan chak estasyon Orange Line nan [Gid Pasaje MBTA a](#).

### Rezo Otobis

Pasaje yo kapab itilize lòt sèvis otobis ak tren MBTA ki egziste pou konplete vwayaj yo, tankou otobis Wout 39, Silver Lines 4 ak 5, Green Line, ak lòt yo. Yo ankouraje pasaje yo tou pou tcheke [Planifikatè Vwayaj MBTA a](#).

### The RIDE

Sèvis paratranzit [The RIDE](#) la toujou disponib a tout nenpòt moun ki gen yon andikap ki fè yo pa kapab itilize sistèm wout fikse MBTA a. Si-w deja yon kliyan aktif The RIDE, ou kapab kontinye mete randevou pou vwayaj ou yo lè-w rele **844-427-7433** (MA Relay 711).

Pou aprann plis oswa aplike pou sèvis paratranzit The RIDE paratranzit kontakte [Sant Mobilite MBTA a](#) nan **617-337-2727** (MA Relay 711). Li pran 1 a 3 semèn pou yo deside sou elijibilite a aprè ou fin ranpli aplikasyon, entèvyou, ak pwosesis evalyasyon an.



Akoz ke sèvis otobis navèt (shuttle) yo gratis, tout vwayaj the RIDE yo ki kòmanse ak fini nan  $\frac{3}{4}$  milyaj de Orange Line lan ap gratis pou itilizatè RIDE yo pandan 30-jou ke ya fèmen.

**Kondwi**

Vil la ap ankouraje moun ki pa bezwen kondwi yo sèvi ak lòt mòd transpòstasyon a chak fwa ke li posib pou rasire ke wout ak pakin yo disponib pou moun ki bezwen kondwi yo, tankou moun ki andikape ak founisè sèvis ijans.

Komisyon Andikape yo ak Depatman Transpòstasyon Boston an ap travay depre pou asire ke si yo retire pakin pou liy otobis oswa bisiklèt popup yo, nenpòt espas pakin ki aksesib nan lari yo (espas HP-DV) yo deplase.

**ENFÒMASYON ADISYONÈL SOU AKSÈ****Sipò Sou Plas**

Pral genyen yon konbinezon de Anbasadè Transpòstasyon MBTA ak lòt pèsònèl T ki lokalize yo deyò chak estasyon Orange Line yo pou ede pasaje yo lokalize estasyon otobis navèt (shuttle) yo, mande kamyon aksesib yo, poze kesyon ak/oswa li enfòmasyon altènatif sou orè Commuter Rail, oswa nenpòt demann rezonab pou yon aranjman.

**Planifye Vwayaj la**

Pandan tan sa a wap kapab vwayaje sou diferan wout ak diferan mòd transpòstasyon ke ou konn abitye pase anjeneral. Pou ede-w planifye nouvo vwayaj ou a, nou ankouraje-w vizite [mbta.com/accessibility](https://www.mbta.com/accessibility) pou plis enfòmasyon.

MBTA genyen gid ki separe, espesifik aksè pou tren an, rezo otobis la, Commuter Rail la, ak sistèm ferry a. MBTA ofri sèvis sou fòmasyon vwayaj tou epi li opere yon Sant Mobilite nan 1000 Massachusetts Ave, Boston, MA.